

Depanse Sibvansyon FEMA Ou a Avèk Sajès

Release Date: October 4, 2021

NEW YORK- Kòm sivivan katastwòf ki kalifye yo kòmanse resevwa lajan pou asistans lokasyon, reparasyon kay, oswa lòt kategori asistans, nou vle asire w ke lajan asistans federal pou katastwòf yo, pa gen okenn taks yo pran sou yo. Lèt notifikasyon FEMA a pral fè w konnen kijan pou w byen itilize lajan asistans pou katastwòf la. FEMA ankouraje w itilize lajan an jan sa endike nan lèt prim ou an epi se sèlman pou depans ki gen rapò ak katastwòf la.

Men kèk konsèy ki itil:

FEMA ap voye yon lèt notifikasyon ba ou pou fè w konnen ki kalite asistans ou kalifye pou resevwa epi kantite asistans FEMA ap bay pou chak bezwen ou kalifye pou jwenn nan men l. Bezwen sa yo se:

- Reparasyon Kay (pa egzanp, estrikti, dlo, sistèm septik ak dlo egou)
- Asistans lokasyon pou w al viv yon lòt kote tanporèman.
- Reparasyon oswa ranplasman yon machin prensipal ki andomaje.
- Depans medikal ki pa gen asirans pou yon blesi katastwòf la lakoz.
- Reparasyon oswa ranplasman zouti pwofesyonèl espesyalize.
- Materyèl pou edikasyon ki esansyèl (pa egzanp, òdinatè, liv lekòl, founiti).
- Depans pou demenajman ak pou depo ki gen rapò ak katastwòf la epi lòt depans ki gen rapò ak katastwòf la.

Ou ka depanse sibvansyon FEMA ou a, yon mwayen ki pral ede w mete kay ou a an sekirite, ki pral fè li pwòp, epi ki pral pèmèt moun ka viv byen ladan l. Sonje pou dokimante kijan ou te itilize lajan pou katastwòf la epi kenbe tout resi yo pandan omwen twa (3) lane pou ka verifye kijan ou te depanse lajan an.

Sibvansyon pou katastwòf yo pa pou depans regilye pou viv yo, tankou sèvis piblik, manje, bòdwo medikal oswa dantè, vwayaj, amizman, oswa nenpòt depans volontè ki pa gen okenn rapò ak katastwòf la.



Lwa federal la entèdi double asistans ki soti nan lòt sous.

Ou ka aplike pou asistans FEMA nan [DisasterAssistance.gov](https://www.DisasterAssistance.gov), itilize aplikasyon mobil oswa rele nan **liy èd FEMA** a nan 800-621-3362 (711/VRS). Liy yo louvri jou chak semèn, soti 8 a.m. pou rive 7 p.m. epi kapab konekte w ak yon espesyalis ki pale lang ou. Si w ap itilize yon sèvis relè, tankou sèvis relè videyo, sèvis telefòn avèk soutit oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo sèvis sa a.

Pou yo ka refere w bay ajans ki sipòte bezwen espesyal kominote a, kontakte sant 211Counts (Kontaj 211) ki pi pre w la nan <https://www.211nys.org/contact-us>. Nan Vil New York, rele 311. Pou zòn ki alantou yo, rele 211.

Pou ka jwenn enfòmasyon ofisyèl sou efò rekiperasyon apre siklòn lan, tanpri ale sou <https://www.fema.gov/disaster/4615>. Swiv nou sou Twitter nan twitter.com/femaregion2 epi www.facebook.com/fema.



FEMA

Page 2 of 2